



PEMERINTAH KABUPATEN BANTUL
DINAS PENDIDIKAN KEPEMUDAAN DAN OLAH RAGA
KORWIL KAPANEWON PIYUNGAN
PENILAIAN SUMATIF
TAHUN PELAJARAN 2025/2026

Kelas/Semester : 5 / 2	Hari/Tanggal :
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Pukul :

I. Wenehana tandha ping (X) ing salah sawijining aksara A, B, C, utawa D ing wangsulan kang paling bener !

1. Tata krama ngemu teges
A. kerjabakti
B. tepa seliro
C. tetulung
D. unggah-ungguh
2. Tata krama ing sesrawungan kayata ...
A. Yen ketemu wong liya aja sapa aruh
B. Yen ana wong lagi ngendikan nyela-nyela
C. Yen liwat ana sangarepe wong liya matur nderek langkung
D. Yen ana jagongan becike lungguh kanthi jegang
3. Yen omong-omongan marang wong kang luwih tuwa kudu nganggo basa....
A. Ngoko
B. Krama
C. Jawa
D. Inggris
4. Ukara pitakon yaiku ukara kang tujuane njaluk diwenehi ... ing bab kang ora dingerteni
A. Pitakonan
B. Pitakon
C. Wangsulan
D. Ukara
5. Ing pungkasan ukara pitakon diwenehi tandha ...
A. Seru (!)
B. Titik (.)
C. Koma (,)
D. Pitakon (?)
6. Ing ngisor iki sing kalebu ukara pitakon, yaiku
A. Pira yuswane simbah ?
B. Kapan Wati budhal Sekolah!
C. Pak Guru tindak menyang sekolah.
D. Ayo pada sinau Bahasa Jawa bebarengan,
7. Yen kowe matur marang Bapak lan Ibu Guru nggunakake basa
A. Ngoko
B. Krama
C. Ngoko & kromo
D. Isyarat
8. Apa Simbah wes madhang?
Krama aluse sing bener, yaiku ...
A. Apa simbah sampun maem?
B. Apa simbah uwes dhahar?
C. Menapa simbah sampun ngunjuk?
D. Menapa simbah sampun dhahar?

9. Geneya Pak Guru ora sekolah?
Ukoro pitakon ing basa krama kang trep yaiku
A. Kenging menopo Pak Guru ora sekolah?
B. Kenging menopo Pak Guru boten sekolah?
C. Kenapa Pak Guru boten sekolah?
D. Kenapa Pak Guru ora sekolah?
10. Ibu lagi lara tangane
Krama aluse kang bener, yaiku
A. Ibu nembe gerah astanipun
B. Ibu nembe gerah semparanipun
C. Ibu nembe gerah padaranipun
D. Ibu nembe gerah mustakanipun
11. Kepriye tata krama nalika mertamu ing omahe uwong?
Yaiku
A. Uluk sala utawa mencet bel
B. Jaluk wedang lan panganan sing disenengi
C. Mertamu suwe nganti lali wektu
D. Langsung lungguh sekarepe dewe

Wacanen kanthi premati kanggo mangsuli nomor 12-15

Bu Guru: "Anak-anak, dina iki ana murid anyar, pindahan saka Solo."
(Bu Guru nggandheng bocah anyar, lan ngenalake ning ngarep kelas)
"Sapa jenengmu, Cah Bagus? Kenalan dhisik karo kanca-kanca."
Mahesa: "Matur nuwun, Bu Guru. Sugeng enjing sedaya. Kula
Mahesa, nembe pindah saking Solo. Griya kula wonten ing
Karanggayam, Sitimulyo, Piyungan, Bantul."
Bu Guru: "Amarga bangku sing kosong ana ing jejere Bima, saiki
Mahesa lungguh jejer Bima, yo."
Bima: "Inggih, Bu."
Mahesa: Inggih, Bu. Matur nuwun."

12. Sing diomongke ing pacelathon iki bab
A. Bu Guru nggandeng bocah anyar
B. Bangku kosong ing jejere Bima
C. Perkenalan murid anyar ing ngarep kelas
D. Pindahan saka Solo
13. Irah-irahan kang trep kanggo pacelathon ing dhuwur yaiku....
A. Bu Guru
B. Bima lan Mahesa
C. Bocah bagus
D. Murid anyar
14. Ana ngendi Mahesa manggon omah anyare
A. Solo
B. Jawa Tengah
C. Karanggayam
D. Sekolahan
15. Pacelathon ing duwur antarane sapa karo sapa? Yaiku
A. Bu Guru lan Bima
B. Bu Guru, Mahesa lan Bima
C. Bu Guru lan Mahesa
D. Bu Guru lan anak-anak

16. Ukara pengajak sing trep nalika ngajak simbah mangan bareng, yaiku ...
 A. Mbah, sumangga sami ngunjuk sareng-sareng!
 B. Mbah, sumangga maem sesarengan!
 C. Mbah, sumongga sami madhang bareng-bareng!
 D. Mbah, sumangga sami dhahar sareng-sareng!
17. Nalika guneman marang wong liyan becike kepriye
 A. bengak bengok
 B. basane kasar
 C. Nggatekake tenanan
 D. Ora ngrungkone
18. Sesrawungan marang kanca sing bener yaiku
 A. Milih sing sugih
 B. Milih sing pinter
 C. Milih sing agamane pada
 D. Ora mbedak-mbedakake

Wacanen tembang Maskumambang ing ngisor iki kanthi premati kanggo mangsuli pitakonan nomor 19-21

*Pramilane ramal an ibu denbekteni
 Kinarya jalaran
 Anane badan puniki
 Wineruhken padhang hawa*

19. Cacahing gatra tembang ing duwur, yaiku
 A. 3
 B. 4
 C. 5
 D. 6
20. Guru lagu lan guru wilangan gatra ke-2 sing bener, yaiku
 A. 13i
 B. 6a
 C. 6n
 D. 8i
21. Miturut tembang ing duwur, sapa sing tansah kudu dibekteni?
 A. Rama
 B. Ibu
 C. Rama lan ibu
 D. Simbah
22. Aturan aturan ing tembang macapat diarani....
 A. Aturan
 B. Cakupan
 C. Paugeran
 D. Tatanan
23. Ing ngisor iki kang kalebu paugeran kang ngiket tembang macapat, kajaba
 • Guru gatra
 • Guru sastra
 • Guru lagu
 • Guru wilangan

24. Guru gatra yaiku
- Tibane swara ing pungkasan gatra
 - Cacahe gatra Saben sawanda
 - Cacahe gatra Saben sapada
 - Tibane swara Saben sagatra
25. Tibaning dhong dhing (swara) ing pukasaning larik ing tembang macapat diarani
- Guru lagu
 - Guru wilangan
 - Guru gatra
 - Guru sastra
26. Cacahing wanda (suku kata) Saben sagatra, diarani
- Guru tembang
 - Guru lagu
 - Guru gatra
 - Guru wilangan
27. Paugeran tembang macapat ora bisa diowahi, amarga wis
- Gumathok
 - Apik
 - Bener
 - Tepat
28. Jiniseng tembang macapat ing ngisor iki, kajaba
- Maskumambang
 - Gundul-gundul pacul
 - Pangkur
 - Sinom
29. Tembang Maskumambang duweni watak ngemu
- Nelangsa, susah
 - Nesu, guyon
 - Sembrana, nelangsa
 - Nyenengake, guyon
30. Andheging lagu kanggo napas supaya ora ngos-ngosan nalika nembang macapat, diarani
- Titi laras
 - Laras
 - Pedhotan
 - Andhegan
31. Tembang kasebut kedadean saka pada

PUCUNG

Urip bareng iku kudu guyub rukun
 Ora nggolek perkara
 Ngomong ya sing ati-ati
 Aja nganti bubar gegara perkara

- 1
- 2
- 3

- D. 4
32. Karya sastra Jawa kang kaiket ing aturan guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu diarani
- A. Tembang dolanan
 - B. Tembang macapat
 - C. Geguritan
 - D. Guneman
33. Tembang macapat kalebu asline kabudayan Jawa kang adiluhung amarga
- A. Gawe seneng
 - B. Gawe susah
 - C. Ngemu cilaka
 - D. Ngemu pituduh
34. Tembang kang duweni guru lagu lan guru wilangan $12i - 6a - 8i - 8a$, yaiku
- A. Pangkur
 - B. Pocung
 - C. Maskumambang
 - D. Sinom
35. Nalika ajar nembang kudu nggatekake membat mentule swara, yaiku
- A. Titi laras
 - B. Gregel
 - C. Luk
 - D. Pedhotan